EURASIAN JOURNAL OF ACADEMIC RESEARCH
Innovative Academy Research Support Center
UIF = 8.1 | SJIF = 5.685
www.in-academy.uz




# ǴAWASHANIŃ SHIMBAY-5018 SORTINIŃ TIYKARǴI XOJALIQ BAHALI BELGILERIN LABORATORIYALIQ JAǴDAYDA ANIQLAW

**SH.A. Sherniyazov**
2-курс магистрант

https://doi.org/10.5281/zenodo.7266619

**ARTICLE INFO**

Received: 12nd October 2022
Accepted: 18th October 2022
Online: 31st October 2022

**KEY WORDS**

*Туқымгершилик, шорланыў, хлор-ионы, вегетация, сорт, фактор, кеселлик, ko`geriwsheńlik qábiliyeti, melioraciya jumısları, ықлым, tuqımlıq pitomnikler, жеке таңлаў*

**ABSTRACT**

*Ғаўашаның Шымбай-5018 сорты бойынша алып барылған бирлемши туқымгершилигинде өткерилген илимий жумыслар бойынша хожалық баҳалы белгилерин анықлаў ҳәм талшық сапасын үйрениў нәтижеси ҳаққында излениўлер алып барылған.*

Ǵawashnıń vegetaciya dáwiri bir qansha faktorlar, solardan hawa rayı hám topırıq ıqlım sharayatı, hár túrli kesellik hám ziyankesler tásiri tiykarında óteydi. Solar menen bir qatarda shorlanǵan topıraq sharayatında ǵawasha hám basqada mádeniy eginlerdiń ósiwi olardaǵı zatlar asmasıwı hámde basqa processlerdiń tómenlewi alınatuǵın ónimniń sapasınada keri tásirin kórsetedi. Sebebi topıraqta hár túrli bioximiyalıq processler sebepli payda bolatuǵın ózgerisler esabınan ósimliktiń azıqlanıwı tómenlesedi. Shor topıraqta ósimlik tamırı taza topıraqtaǵıǵa qaraǵanda birqansha kem rawajlanadı sebebi topıraqtaǵı eritpe basımı 2-3 atmosfera ornına 10-20 hám odanda asıp ketip mineral azıqlıqtı ózlestiriw azayadı. Shorlanǵan maydanlar ushın shorǵa shıdamlı bolǵan ǵawasha sortların jaratıw melioraciya jumısların sapalı túrde ótkiziw tek hasıldarlıqtı asırıp qoymastan ónim sapasın hám talshıqtıń texnologiyalıq kórsetkishlerin jaqsılaydı

O. E. Qoshqarov, S.S. Alixojaeva, S.A. Usmanov, S. A. Abbarova, B.K. Madratovlar[1]diń pikirinshe ósimliklerdiń tú'rli qolaysiz sharayatlarǵa maslasıwın anıqlaw, shıdamlılıǵın anıqlawda adaptatsiya mexanizimin islep shıǵıw úlken ahmiyetke iye.

A. Avliyaqulovtıń [2] pikirinshe, túrli dárejede shorlanǵan jerlerde ilimiy tiykarlanǵan agromiliorativ izlenislerge qaray, suwǵarılatuǵın jerlerde shorlaniw dárejesi ósimlikler jaǵdayına qarap belgilew nátiyjesinde az shorlanǵan bir mertelik qatlamdaǵı xlor muǵdari 0,02-0,04 % da dalaniń ayırım orınlarında egilgen eginler ósiw, rawajlanıwdan biraz arqada qalǵan hám de ortasha shorlanǵan bir metrlik qatlamdaǵı xlor muǵdari 0,04-0,08 % da ósiw, shorlaniw sebepli siyrek shıqqan zúráátlar maydani barlıq egin maydanınıń 20-30 % na baradı delingen.

Biziń ilimiy izertlew jumısımızda 2022-jılǵı ǵawasha selekciyası hám tuxımgershiligi atızlarındaǵı izertlewlerimiz dawamında qabıl etilgen metodikaǵa sáykes ǵawasha sortlarınıń pisip jetilisiw dáwirinde brak qılınbaǵan sem`yalardan tártibi menen úlgi hám jeke tańlawlar alınıp laboratoriyalıq jaǵdayda talshıq kórsetkishleri hám górek awırlıǵı anıqlandı. 1-kestede ǵawashanıń Shımbay-5018 sortınıń elita eginzarlarınan terilgen úlgi hám jeke tańlaw muǵdarları kórsetilgen.

Birinshi jıl tuxımgershilik pitomniginen eki sorttan 2155, ekinshi jıl tuxımgershilik pitomnigine 631 sınaw úlgileri talshıq uzınlıǵı hám shıǵımı, bir shanaqtaǵı paxtanıń awırlıǵı anıqlanıp jámi 26349 úlgi analizlendi. 6000 dana jeke tańlaw úlgileri boyınsha talshıq uzınlıǵı, paxta hám shigit awırlıqları anıqlandı. Laborotoriyalıq jaǵdayda aylalardan alıngan úlgilerdiń talshıq uzınlıǵı, paxta hám shigit awırlıqları boyınsha ótkerilgen analizlerge ósimlik hám aylalar boyınsha baha berilip, nátiyjede sıpat kórsetkishlerine qarp jaramsız yaki kelesi jıl ushın hár bir sorttan egislik materiallar tayarlanadı.

1-keste

**Laboratoriya analizler muǵdarı**

| Úlgiler | sanı | Jámi anıqlan-ǵan analiz-ler sanı | Usınnan | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | Tal shıq uzın lıǵı mm | Talshıq shıǵımı % | 1-dana górek salma ǵı, gr | Jeke tańlaw | |
| | | | | | | Paxta sı, gr | Shigit Gr |
| **Shımbay-5018** | | | | | | | |
| 1-jıl tuxım pitom nigi | 853 | 2559 | 853 | 853 | 853 | | |
| 2-jıl tuxım pitom nigi | 300 | 900 | 300 | 300 | 300 | | |
| Jeke tańlaw | 3000 | 9000 | 3000 | | | 3000 | 3000 |
| Jámi | 4158 | 12459 | 4156 | 1154 | 1153 | 3000 | 3000 |

2-keste

**1-jılǵı tuxım kóbeyttiriw pitomnigininń ortasha sıpat kórsetkishleri**

| Úlgiler | Aylalar sanı | Talshıq uzınlıǵı, mm | Talshıq shıǵımı, % | 1-shanaqtaǵı paxtanıń awırlıǵı, gr |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| Jámi analizlendi | 853 | 33,9 | 36,6 | 5,9 |
| Jaramsızǵa shıǵarıldı | 434 | 32,9 | 36,6 | 5,8 |
| Egiske tańlap alındı | 419 | 33,9 | 36,7 | 6,0 |

Bunda Shımbay-5018 sortınıń birinshi jıl tuxımgershilik pitomniginen laboratoriyalıq hám esabatlar nátiyjesinde 853 sem`yalıq terimnen 622 kg shigit massası alındı, sonnan 434 ayla, 308,5 kg shigit brak qılındı, egiske 419 ayla 313,5 kg shigit alıp qalındı.

Ǵawashanıń Shımbay-5018 sortınıń birinshi jıl tuqımgershilik pitomniklerinen alınǵan úlgi nátiyjeleri sonı kórsetedi, bul sorttıń ortasha talshıq uzınlıǵı 33,9 mm, talshıq shıǵımı 36,6 % hám bir shanaqtaǵı gorektiń salmaǵı 5,8 gramm kórsetkishlerge iye bolǵan aylalar jaramsızǵa shıǵarıldı. Laborotoriyalıq analizler juwmaǵında bul pitomnikte Shımbay-5018 sortınan egis ushın talshıq uzınlıǵı 33,0 mm, talshıq shıǵımı 36,7% hám bir shanaqtaǵı gorektiń salmaǵı 6,0 gramm kórsetkishlerge iye bolǵan aylalar kelesi jıl egiw maqsetinde tańlap alınǵan dep tabıldı.

3-keste

**Ekinshi jılǵı tuxımgershilik pitomnikleri boyınsha**

| **Úlgiler** | **Aylalar sanı** | **Talshıq uzınlıǵı, mm** | **Talshıq shıǵımı, %** | **Bir shanaqtaǵı paxtanıń awırlıǵı,gr** | **úziliw kúshi** | **Metrik nomeri** | **úziliw uzınlıǵı** |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| Shımbay-5018 sortı | | | | | | | |
| Jámi analizlendi | 300 | 33,0 | 36,7 | 6,0 | 4,8 | 5340 | 25,6 |
| Jaramsızǵa shıǵarıldı | 68 | 33,0 | 36,6 | 6,0 | 5,0 | 5214 | 26,0 |
| Egiske tańlap alındı | 232 | 33,0 | 36,7 | 6,0 | 4,8 | 5376 | 25,8 |

4-keste

**Jeke tańlaw úlgileriniń ortasha sıpat kórsetkishleri**

| **Úlgiler** | **Jeke tańlaw úlgisiniń sanı** | **Talshıq uzınlıǵı, mm** | **Tuxımlıq shigit awırlıǵı, gr** |
|---|---|---|---|
| | | | |
| Jámi analizlendi | 3000 | 32,9 | 39,3 |
| Jaramsızǵa shıǵarıldı | 1472 | 32,9 | 38,2 |
| Egiske tańlap alındı | 1528 | 33,0 | 39,4 |

3-kestesindegi ekinshi jılǵı tuxımgershilik pitomniklerindegi ǵawashanıń Shımbay-5018 sortındaǵı 330 sem`yadan 68 sem`yası jaramsızǵa shıǵarılıp, egis ushın 232 sem`ya kelesi jıl ushın egiske tańlap alındı. Talshıq uzınlıǵı 33,0 mm, talshıq shıǵımı 36,6%, bir shanaqtaǵı paxtanıń awırlıǵı 6,0 gramm, talshıqtıń úziliw kúshi 5,0 g/s, metrikalıq nomeri 5214 hám talshıqtıń úziliw uzınlıǵı 26,0 g/s bolǵan aylalar jaramsızǵa shıǵarıldı. Egiske talshıq uzınlıǵı 33,0 mm, talshıq shıǵımı 36,7%, bir shanaqtaǵı paxtanıń awırlıǵı 6,0 gramm, talshıqtıń úziliw

kúshi 4,8 g/s, metrikalıq nomeri 5376 hám talshıqtıń úziliw uzınlıǵı 25,8 g/s bolǵan aylalar tańlap alındı.

4-kestesinde kórsetilgenindey Shımbay-5018 sortınıń 3000 jeke tańlawdan 1472 danası talshıq uzınlıǵı hám shigit awırlıǵı boyınsha ortasha kórsetkishlerden tómen bolıwı sebepli brakqa shıǵarıldı. Kelesi jıl egisi ushın 1528 dana jeke tańlaw tańlap alındı. Shımbay-5018 sortınan bolsa 472 dana jeke tańlaw brak etilip, egiske 1528 dana jeke tańlaw qaldırıldı

## References:

1. Qochqarov O.E., Alixojaeva S.S., Usmanov S.A., Abrarova F.A., Madratov B.K. Tizmalarda qimmatli xwjalik belgilarini namayon bo`lishida o`stirish sharoitlarining (shwrlangan tuproq va suv tanqisligi) ta`siri. //o`za, beda selekciyasi va uruǵchiligi. Ilmiy ishlar tuplami. «Fan» – Toshkent 2009. –B.287.

*2.* Avliyoqulov A. Turli darajada sho`rlangan erlarda ilmiy asoslangan agromelerotiv tadbirlar tizimi majmuasi. // O`zPITIning 80 yilligiga baǵishlangan “Paxtachilikdagi dolzarb masalalar va uni rivojlantirish istiqbollari” mavzusidagi ilmiy-amaliy konferenciya to`plami: –Toshkent, 2009. –B.76-102.